



Mesaj Pou Mande Bon Kòz Lè Yo Pa Vle Kontribiye

Si ou kwè kolaborasyon avèk pwogram egzekisyon sipò timoun pa ta nan pi bon enterè ou oswa timoun w ap pran swen an (yo), ou gen dwa pou resevwa yon detèminasyon ki baze sou rezon valab pou pa kolabore. Detèminasyon dapre rezon valab kapab baze sou youn oswa plis sitiyasyon sa yo:

1. Nou prevwa kolaborasyon an ap lakòz domaj emosyonèl oswa fizik sou timoun nan (yo);
2. Nou prevwa kolaborasyon an ap lakòz domaj emosyonèl oswa fizik sou ou;
3. Timoun ou aplike pou li pou jwenn èd la te fèt akòz kadejak oswa ensès;
4. Papyè nan tribinal po u yo ka adopte timoun nan;
5. Ou jwenn èd yon ajans sèvis sosyal piblik oswa prive ki gen lisans pou detèmine ki kote pou pete timoun nan (yo) pou adopsyon; oubyen,
6. Kolaborasyon an ta fè li difisil pou ou pou retire kò ou nan vyolans nan kay, oswa kolaborasyon an ta lakòz ou tonbe anba sanksyon.

Ou gen responsablite pou bay enfòmasyon pou pwouve reklamasyon rezon valab ou. Si ou gen yon pwoblèm pou bay enfòmasyon yo, fè ekip Egzekisyon Sipò Timoun, k ap ede ou, konnen sa. Men kèk egzanp enfòmasyon ou ka bay:

1. Batistè, oswa dosye medikal oswa dosye lapolis ki montre timoun nan (yo) te fè akòz kadejak oswa ensès.
2. Dosye tribinal oubyen lòt papyè ki montre ke yap cheche bay adopte timoun nan.
3. Dosye tribinal, dosye kriminel, dosye lapolis, dosye medikal, dosye sèvis sosyal, dosye sikolojik oswa dosye sèvis pwoteksyon ki montre paran absan an (papa oswa manman) timoun (yo) ta ka nuizib pou ou oswa pou timoun nan (yo) swa sou plan fizik oswa sou plan emosyonèl.
4. Dosye medikal konsènan istwa sante emosyonèl ou oswa istwa sante emosyonèl pitit ou ak eta sante li kounye a, oswa yon deklarasyon alekri yon pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans bay konsènan sante mantal ou.
5. Yon deklarasyon alekri yon travayè sosyal oswa lòt ofisyèl ki nan yon ajans sèvis sosyal ki endike ou jwenn èd pou detèmine kote pou mete timoun nan (yo) pou adopsyon.
6. Deklarasyon lòt moun fè, tankou zanmi, vwazen, manm legliz, travayè sosyal ak pwofesyonèl medikal ki byen konnen sikonstans pitit ou konsènan rezon valab.

Menmsi ou ka jwenn enstriksyon pou bay lòt enfòmasyon pou verifye reklamasyon ou, nou p ap kontakte paran absan an sof si responsab dosye Egzekisyon Sipò Timoun ou di ou sa anvan.

Si ou aplike pou èd manje oswa pou Medicaid epi ou reklame "Rezon Valab", jouk lè Ajans Egzekisyon Sipò Timoun Depatman Revni fè detèminasyon "Rezon Valab", ou pa kapab mete bezwen ou yo nan avantaj fanmi ou. Ou p ap jwenn reta, refi oswa sispansyon nan avantaj ou yo pou èd manje si ou te konfòme ou avèk demann pou bay lòt enfòmasyon pou kore reklamasyon "Rezon Valab" ou. Pou Medicaid, egzijans sipò timoun pa aplike nan dosye fanm ansent ak timoun sèlman.

Si ou aplike pou Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, epi ou reklame "Rezon Valab", epi ajans Egzekisyon Sipò Timoun detèmine "Rezon Valab" pa egziste, w ap jwenn refi pou tout Èd Lajan Kach Pwovizwa ou.

Si ou jwenn refi pou Reklamasyon Rezon Valab epi ou pa dakò avèk desizyon an, ou ka mande pou gen yon odyans nan Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families). Ajans Egzekisyon Sipò Timoun ap patisipe nan odyans lan. Si nou jwenn ou gen Rezon Valab pou pa kolabore, Ajans Egzekisyon Sipò Timoun Depatman Revni p ap eseye detèmine patènite pou timoun nan (si li fèt deyò maryaj) oswa yo p ap eseye touche lajan sipò timoun nan.